# Pexe Paj u Diwaan u Snohomish

**Santar u Faju bu evergreen:** (425) 493-5310

- Barab u Everett ak Lynnwood. Faj u ajii feebar, dindi tooke,ak paj bu and ak ay garab.

**Tanneef bi gën:** 1(877) 522-1275

- Barab u Arlington, Everett, ak Mountlake. Paj bu and ak garab, mëneef u aji feebar yi, wer ub nekki mëneef yi lëkkaloo.

**Santar u Askan u Wer gu Yaraam:** (425) 789-3789 or 1(877) 382-4098

- Barab u Arlington, Edmonds, Everett, Lynnwood. Porogaraam u taxawu ci sineebar, mëneef u wer ub xel, ak paj bu and ak garab.

# Fagaru ci jëfëndikoo Sineebar ci anam bu safaan

**Waxtaan al ak sa doktoor** ci wall u tanneef yi la dul lor ngir waññi mettit bi.

**Su fekkee ni da nga soxla ay opiyoid** ngir waññi mettit, laajal sa doktoor ci jëfëndikoo doos yu ndaw ci diir bu gatt. Jël al Narcan yobbaale ko sa kër.

**Deñcal say garab**—oginaaw-li-ñu-sii-tere ak ndigal yi—ci biir ab biteel buy teju, boyet wala kabinet.

**Jëlaat al li nga jëfëndikoowul**, li nga soxlawul, wala garab yi perime. Wooteel ci 1-844-633-7765 wala nga eskane kot QR bi ngir wisite www.med-project.org/locations.

# Buum u Jokkoo u Ndimbal & Pexe Paj yi

**WA Buum u Jokkoo Faju:**
Wooteel wala nga bind mesaas ci 1-866-789-1511

**Bul ko jëfëdikoo moom kese:**
1-877-696-1996

**Buum u Jokkoo u Wall u Xaru ak Fitna:**
Wooteel wala nga bind mesaas ci 988

**Buum u Jokkale u Ndaw ñi:**
Wooteel wala nga bind mesaas ci 1-866-833-6546

**Ngir ab lim u mëneef u paj/faju yii,** Seet il https://snohomishoverdoseprevention.com/find-treatment-or-support/ wala nga eskane kot QR bi.

WOLOF 05-2024

SNOHOMISH OVERDOSE PREVENTION
A COMMUNITY COMING TOGETHER TO STOP SNOHOMISH COUNTY'S OPIOID EPIDEMIC

**www.SnohomishOverdosePrevention.com**

## DIWAAN U SNOHOMISH

# TEKTAL U WËR PEXE

**Da ngay seet xibaar? Ndax pare nga ngir ab coppite?**

**Ñu ngi fi ngir dimbali la.**

# Mandarga & Jëmm u Jël lu Ëpp

- Der buy ñaqq, weex
- Jafe-jafe noyyi/mu neew lool noyyi
- Xandoor wala di waxtu
- Tontuwul bi ñu ko woowee ci tur amgës, ëm, ayy.
- Xol bu yeex/yengu ndank
- Cat u baaraam ak tuñ yu baxa w
- Bëtala y u dootuutmi u taal

Su fekkee ni ki mu ngi am ay riir yu yeeme suy nelaw, yee leen. Su fekkee ni du ñu tontu, gësëm leen, wooteel tur am, wala nga rëdd say loxo ci kow seen yax u dënn.

Bul bayyi kenn “nelawal ko.”

# Tontu ci ab Jël lu Ëpp

**1. Wooteel wala nga wax kenn mu wooteel la ci 911.** Samariteŋ bu Baax daf lay aar yow ak nit ñi jël lu ëpp ci sineebar te yore ko woon.

**Narcan yii dafay des ci sa yaram 30-90 i simili.** Mën naa nekk nit mel ni dafa jël lu ëpp ginaaw bi Narcan bi jeexee ci yaram bi. Ab santar u faju mën na wëyal paj mi.

**2. Joxal 1 doos u Narcan**

- Ubbil paket bi te nga dindi jumtukaay bi. Teg al sa baaraam bu mag ci polooseer bi ak sa ñaar i baaraam ci bek bi. Bul teste wala nga taal jumtukaay bi.
- Bësal cat u bek bi ci biir bakkan bi ba sa baaraam yi laal suuf u bakkan u nit ki.
- Bësal polonseer bi bu baax ngir dugal doos bi.

**3. Xaar al 3 i simili.** Su fekkee ni amul tontu, joxeel ñaareel i doos bi ci beneen bakkan bi.

**4. Su fekkee** ni noyyi wu ñu te nga amoon taggat u CPR, tambalil CPR bi.

**5. Su fekkee ni ñu ngi noyyi,** teg leen ci tëddin u peex. Bu leen bayyi ñoom kese xanaa rek mu doon lu mënnul ñakk.

**6. Nekk na lu ñu miin di yeg ak mandarga bayyi sineebar ak xel bu jaxasoo ginaaw jël Narcan.** Nit ki mën naa fatte lan moo xew. Jeem leen dalal ba ndimbal bi di aksi.

# Naka ngay amee Narcan bu gën bari

**Gis al ab Narcan bu la jege,** wala nga yonee ko imeel te fayee ci dara. Jëfëndikoo kot QR bi ngir dem ci https://stopoverdose.org.

**Bayyeekoo ci farmasi:** Soxlawul benn ordonaas.

Washington am na Ndigal u Taxaw ci Diwaan bi ni ordonaas bu ñëpp di nangu.

**Asiraans piriwe:** Laaj al sa sosiyeete asiraans ci wall u aar ak fay genn wall gi.

**Medicaid:** Narcan doo ci fay dara, amul yemale ci laaj yeneen boyet.

# Ngir Jëfëndikookat u Garab yii

**Bul ko jëfëndikoo moom kese.** Yoreel Narcan. Waxal ñëpp ñi nekk ak yow fan la ñu mën gisee Narcan.

**Tambalil ak lu ndaw.** Tambalil ak lu ndaw. Dakkalal jël bi wala nga wañña su fekkee ni da nga yeg dara ci sa yaram.

Porogaraam u Mëneef u Riir u Yoon yi dafay joxe ay pexe wañña ngaañ, 1:1 weccoo pikiir, lëkkalookat, ak lu gën bari. Eskaneel kot u QR bi ngir seet https://www.facebook.com/syringeservices.